

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina Bab IV ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples* katiten dina aspék eusi kagolong “kurang alus” (15,38), aspék organisasi eusi kagolong “sedeng-cukup” (12,38), aspék diksi kagolong “sedeng-cukup” (13,38), aspék makéna basa kagolong “sedeng-cukup” (15,47), aspék éjahan kagolong “sedeng-cukup” (3,52). Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples* can mampuh (60,15).
- 2) Kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples* katitén tina aspék eusi kagolong “alus pisan-sampurna” (26,29), aspék organisasi eusi kagolong “alus pisan-sampurna” (18,68), aspék diksi kagolong “cukup-alus” (17,12), aspék makéna basa kagolong “cukup-alus” (20,32), aspék éjahan kagolong “cukup-alus” (4,11). Ku kituna bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis téks biografi 34 siswa XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples* kagolong mampuh (86,53).
- 3) Aya ningkatna kamampuh siswa nulis téks biografi siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 tina ngagunakeun modél *Examples Non Examples* can mampuh jadi mampuh sabada. Ieu hal katitén dina aspék eusi tina kagolong “kurang alus” (15,38) ningkat jadi “alus pisan-sampurna” (26,29). Aspék organisasi eusi tina kagolong “sedeng-cukup” (12,38) ningkat jadi “alus pisan-sampurna” (18,68). Aspék diksi tina kagolong “sedeng-cukup” (13,38) ningkat jadi “cukup-alus” (17, 12). Aspék makéna basa tina kagolong “sedeng-cukup”

(15,47) ningkat jadi “cukup-alus” (20,32). Aspék éjahan ningkat tina kagolong “sedeng-cukup” (3,52) ningkat jadi “cukup-alus” 4,11. Peunteun hasil saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples* sakabéh siswa ningkat tina can mampuh (60,15) jadi mampuh (86,53) kalayan KKM (75). Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2018/2019 sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples* aya ningkatna.

- 4) Aya bédana anu signifikan kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh ngagunakeun modél *Examples Non Examples* jeung sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples*. Ieu hal katitén tina hasil uji normalitas ngahasilkeun 0,035 leuwih ti 0,05. Jeung uji *Paired Samples test* ngahasilkeun peunteun -32.66 dan signifikansi (Sig. 2-tailed) $0,000 < 0,05$ anu hartina hipotésis 1 (H_1) ditarima atawa hipotésis 0 (H_0) ditolak. Hartina aya bédana anu signifikan kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Examples Non Examples*, hususna kamampuh aspek eusi, orgaisasi eusi, diksi, makéna basa, jeung éjahan. Ku kituna modél *Examples Non Examples* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI SMF 1 SMK Negeri 12 Bandung taun ajar 2018/2019.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Examples Non Examples* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi miboga implikasi yén ieu modél pangajaran téh ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna ieu modél ngirut jeung dipikaresep ku siswa. Ngagunakeun konsep diskusi kelompok siswa jadi lewih kritis pikeun mekarkeun conto anu mangrupa gambar jadi kalimah-kalimah, tibatan ngagunakeun perlakuan anu monoton dimana siswa ukur dititah ngeregepkeun materi anu ditepikeun ku guru, tuluy dibéré pancén sorangan-sorangan. Salian ti éta nalika prak-prakanna ngagunakeun ieu modél siswa anu cicingeun jadi leuwih aktif dina gawé bareng.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina proses diajar ngajar, saperti di handap ieu.

- 1) Modél pangajaran *Examples Non Examples* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi. Ku kituna ieu modél pangajaran *Examples Non Examples* bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis téks biografi.
- 2) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Examples Non Examples* ngagunakeun metodé kuasi éksperimén, ku kituna kudu aya deui panalungtikan séjén sangkan leuwih lega ngeunaan modél pangajaran *Examples Non Examples* nyaéta ngagunakeun métode éksperimén murni.